Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 23 май Рузман № 22 (7892) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ДандчIвай

## СВОялъул гIахьалчигун дандчIвай

19 маялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровгун дандчIвана хъизан-лъималазухъе щвезе къокъаб заманалъул отпускалде вачIарав хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи Герейхан ГIубайдулаев.



ДандчIваялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов ва Хъварщи росдал администрациялъул бетIер ГIабдулхабир ГIабдулхабиров.

Герейханица бицана СВОялда бугеб ахIвал-хIалалъул, бергьенлъи щвеялъе рагъухъабазул къеркьеялъул, квакIиялъул ва ракьцоязухъан щолеб кумекалъул.

Шамил ГIумаровас баркала загьир гьабуна Герейхание ва СВОялда ругел районалъул киналго гIолохъабазе.

-Къо ккедал ВатIаналъе гIоло тIаде рахъарал нужедаса чIухIарал руго районцоял. Божи буго цIумадисезул цIарги борхатго ккун, бергьенлъигун сах-саламатго нуж рокъоре руссилин,-ан абуна Шамил ГIумаровас.

Районалъул нухмалъи хIадураб бугин абуна гьес СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабизе.

Хонохъ росдал школалъул директорасул хъулухъги жибго тун, хасаб рагъулаб операция байбихьараб Украиналде ана Герейхан.

## Дагъистаналъул БетIерас хитIаб гьабизе буго



29 маялда ДРялъул бетIер Сергей Меликовас хитIаб гьабизе буго Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде. Гьенир дандельизе руго парламентариял, Пачалихъияб Думаялъул депутатал, пачалихъиял органазул нухмалъулел, блогерал, жамгIиял хIаракатчагIи ва журналистал.

Сергей Меликовас бицине буго республика цебетIеялъе кIвар бугел масъалабазул хIакъалъулъ: СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе квербакъи, цIиял школал, ясли-ахал ва больницаби рай, туризм ва аграрияб промышленность цебетIезаби.

Хасаб кIвар буссинабизе буго бесдалал ва инвалидал рукъзал щвезе иргаялда чIеялъул, нухда камерабазул рахъалъ бугеб ахIвал-хIал, тахшагьаралда имам Шамилил цIаралда бугеб кватI кьачIаялъул хIакъалъулъ суалазде.

## КЭМЗалъ вертолет къватIибе биччалеб буго

Дагъистаналъул «Концерн КЭМЗ» АОялъ хIадур гьабун буго жидецаго ургъараб моделалъул вертолет. Цебеккун лъазабулеб букIана гьеб заводалда гьаризе ругин мотор хутIизегIан вертолеталъул киналго (компонентал) бутIаби, ва гьенибго дандбазеги бугин абун. Аслияб куцалда гьелъул хIалтIи бухьараб букIине буго гражданияб гьитIинаб авиациялда.

Вертолеталъ ваччизе вихьизавун вуго щуго чи ва 600 килограммалде щвезегIан къайи, гьелъул хехлъиги бахуна сагIаталда жаниб 240 километраялде гIунтIун. Цебеккун гьелъие щун букIана боржине бегьиялъе сертификатги.

Дагъистаналъул промышленностиялъул ва дармил министр Низам Халиловас бихьизабухъе, вертолеталъул



хаслъабаз гьеб дунялалъул моделазул конкурентлъун лъугьинабулеб буго, ва гьелъие экспорталъе перспективаби рагьулел руго.

23 май - Халкъазда гьоркьосеб спортивияб гугариялъул къо

## Районалъул бетIерасул барки

**ХIурматиял районцоял!**

Жакъа буго халкъазда гьоркьосеб спортивияб гугариялъул къо. Гугари-гьеб ккола спорталъул цебегосеб тайпа. Щибаб соналъ 23 маялда кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб спортивияб гугариялъул къо. Машгъураб буго гьеб рахъалъ нилъер район ва Дагъистан, хасго машгъураб буго эркенаб гугариял,ъул рахъалъ. Нилъер район ккола республикаялъе ва Россиялъе гугарухъаби куцалеб къебелъилъун.




Жакъа къоялъ нилъер районалъул вуго лъабго олимпиялъул чемпион (кIиго эркенаб гугариялъул, цо дзюдоялъул), кIи-кIи призер вуго олимпиялъул хIаязул гIарцул ва мазгарул, руго дунялалъул, Европаялъул ва халкъазда гьоркьосел турниразул чемпионалги. ГIун бачIунеб буго гугарухъабазул цIияб гIел, руго гьезда гьоркьорги Россиялъул, Европаялъул ва дунялалъул чемпионал.

Бокьун буго киналго гугарухъабазда, тренеразда, ветераназда ва гугари бокьулезда баркизе халкъазда гьоркьосеб спортивияб гугариялъул къо. Гьаризе щулияб сахлъи, рохел, талихI ва икъбал.

ЦIикIкIаги районалъулгун Дагъистаналъул ва Россиялъул цIар борхатго ккезе ЦIумада машгъурал гугарухъаби!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## АхIмад ГIусманов-Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастер



Нилъер ракьцояв, машгъурав гугарухъан, Акнадаса АхIмад ГIусмановасе щвана «Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастер» абураб хIурматияб цIар.

2023 соналъ гьев бергьана эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталда ва тIатIалаго кIиго нухалъ (2023-2024) вахъана Европаялъул чемпионлъун. Гьединго кIиго нухалъ бергьана Россиялъул чемпионатаздаги.

Гьел киналниги титулал гьес росана 79 кг. цIайиялда.

## Риидалил лагерал рагьизе руго

Сахлъи цIуниялъул риидалил лагеразде исана республикаялда бачине буго 39 азаргоялдаса цIикIкIун лъимер. Гьедин лъазабуна «Движение первых» регионалияб отделениялъулгун хурхен бугеб советалъул дандельиялда республикаялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIья Бучаевас.

Гьесул рагIабазда рекъон хIисабалде босун буго республикаялда 260 лагер рагьизе, гьездаса 21 лагер рагьизе буго шагьар тун къватIиб, 239 - школазда цебе.

1 июналдаса байбихьун 1 сентябралде щвезегIан хIалтIизе руго «Солнечный берег», «Орленок» ва «Юность» лагерал. «Солнечный берегалда» хIухьбахъизе буго 250 лъимералъ, «Орленокалда» кIиго смена гьабун -500 лъимералъ, «Юносталда»-360 лъимералъ.

Школазда цере рагьулел лагеразда хIухьбахъизе буго 7-12 сонил гIумруялъул 19000 лъимералъ.

Бажарун цIикIкIун къабул гьаризе ругин хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул лъимал абун лъазабуна министрас.

**Маданият**

# Франциялда тIиссисел

Франциялда чIарал нилъер ракьцоял ТIиссиса яцал ШугIайнат, Фатима ва Шамсият ХIайбулаевал Швейцариялъул Женева шагьаралда тIобитIараб «Меседил найи» абураб халкъаздагъоркьосеб хореографиялъул фестиваль-конкурсалда бихьизабуна магIарул кьурди ва ккуна тIоцебесеб бакI.




Ясал цIалулел руго Франциялда бугеб «ВатIан» абураб Кавказалъул маданияталъул централда рагьараб «lezginkadancefazu» абураб хореографиялъул школа-студиялда ва «Умка» абураб кавказалъул мацIазул школалда.

2016 соналда гIуцIцIараб гьеб ассоциациялъул мурад буго Франциялда ругел Кавказалъул ва Дагъистаналъул гIадатал ва тарихияб культура цIуниялъул мурадалда Франциялда ругел Кавказалъул жамагIаталъул гIадамал цолъизари.

«ВатIан» абураб Кавказалъул культураялъул централъул президент ХIайбулаева Умакусумица бицухъе (гьей ккола ТIиссиса), гьезул аслияб мурад ккола миллатазда гьоркьоб рекъелалъулгун цолъиялъул бухьеналъул ва цоцада ричIчIиялъул культура гIуцIи.

Кьурдиялъул кьокьаялда гьорлъ руго эрмениял, грекал, гIурусал, украинал, гуржиял ва французал. Дагъистаналъул кьурдаби гурелги, культураялъул централда лъолел руго кабардиназул, осетиназул, чачаназул, лъарагIазул, рутулазул, азербажаназул, даргиязул, лакзазул ва цогидал миллатазул хореографиял постановкаби.

«Ниж машгъулълулел руго миллияб хореографиялъул искусство цIуниялда ва цебетIезабиялде руссарал творческиял хIалтIабазде, халкъазда гьоркьосел концертазул программабазде, Дагъистаналъул ва тIолабго Кавказалъул искусство машгъур гьабиялде, Франциялъул ракьалда рекъел ва цолъи щула гьабиялде», - ян кIвар буссинабуна Умакусум ХIайбулаевалъ.

Конкурсалда щибаб хореографиялъулаб спектаклялъе къимат кьуна чанго критериязда рекъон: спектакль бихьизабиялъул бажариялда, художествияб образ рагьиялда, рекьараб къагIидаялда композиция гIуцIиялда ва музыкалияб материал тIаса бищиялда рекъон. Конкурсалъул скринингалъе къимат кьуна балетмейстераздасан, маданияталъулгун художествиял хIаракатчагIаздаса, спорталъул мастераздасан гIуцIараб профессионалияб жюриялъ.

«ЛъикIаб церерахъин» абураб категориялда бергьана Дагъистаналъул руччабазул хореографиялъул номер. 2023-2024 соназда ясаз гьединго бергьенлъи босана «Бищун лъикIаб хореографиялъулаб постановка» ва «Бищун лъикIаб костюм» абурал номинациязда. Конкурсалда бергьаралъухъ яцал ШугIайнатие, Фатимае ва Шамсиятие кьуна тIоцебесеб даражаялъул медалал ва дипломал.

Фестивалалдаса киналго разиго хутIана, ва гьеб гIуцIизе квербакъаразе баркала кьуна.

Гьанибго абизе бокьун буго конкурсалде хIадурлъизе ва миллиял костюмал росизе нилъер ясазе кумек гьабулин машгъурал дагъистанияз, гьезда гьоркьоса спорталъул министр Сажид Сажидовас ва «Дагмелиоводхоз» Управлениялъул нухмалъулев МухIамад Юсуповас.

**Савдат ХIамзатова**

# Налоговые льготы для участников СВО: кто имеет право и как оформить

**Правом получения налоговой льготы в Дагестане пользуется более 700 участников специальной военной операции.**

Управление ФНС России по Республике Дагестан напоминает, что ветераны боевых действий, участники специальной военной операции (СВО) и их семьи могут воспользоваться налоговыми льготами.

От налога на имущество физических лиц освобождается один объект капитального строительства определенного вида. Льгота предоставляется:

-Ветеранам боевых действий, включая участников СВО;

-Военнослужащим, мобилизованным по Указу Президента РФ от 21.09.2022 № 647;

-Добровольцам и их семьям, заключившим контракт о пребывании в добровольческом формировании, а также другим участникам СВО (подп. 9.1- 9.5 п. 1 ст. 407 НК РФ).

Льготы по транспортному налогу устанавливаются региональными властями. Узнать о них можно на сайте ФНС России.

Что касается земельного налога, то здесь налоговая база уменьшается на сумму кадастровой стоимости 600 кв. м одного земельного участка, принадлежащего ветерану боевых действий. Дополнительные льготы могут вводить муниципалитеты.

Подать заявление можно в любое время удобным способом:

-Через Личный кабинет налогоплательщика на сайте ФНС России;

-В МФЦ;

-По почте;

-Лично в налоговую инспекцию.

К заявлению необходимо приложить подтверждающие документы. Если налогоплательщик не подал заявление, льгота может быть назначена автоматически на основании данных, передаваемых в налоговые органы в рамках межведомственного взаимодействия.

Узнать информацию о льготах можно:

-В Личном кабинете налогоплательщика;

-В налоговом уведомлении (если налог рассчитан с учетом льготы);

-В уведомлении о перерасчете налога после предоставления льготы;

-В налоговой инспекции при обращении.

Актуальный перечень льгот можно посмотреть в сервисе «Справочная информация о ставках и льготах» на сайте ФНС России.

**Управление ФНС России по Республике Дагестан**

**АДМИНИСТРАЦИЯ**
**муниципального района «Цумадинский район»**

## Распоряжение №34-р

**от 19 мая 2025 г.**

**О проведении публичных слушаний по изменению видаразрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2541**

Рассмотрев заявление гражданина. Халимхоева К.С. и в соответствии ст. 5.1 Градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МР «Цумадинский район»:

1.Провести публичные слушания по обсуждению изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001: 2541, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. Школьная, 51, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

Дата проведения - 19.05.2024 г. (10ч.00 м.)

Место проведения - здание администрации МР «Цумадинский район».

2.Утвердить состав комиссии по проведению публичных слушаний.

3.Установить, что ознакомление заинтересованных лиц с материалами публичных слушаний осуществляются в рабочие дни в администрации МР "Цумадинский район" и сельском поселении "село Агвали", а также на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и сельского поселения «село Агвали».

4.Опубликовать настоящее распоряжение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и сельского поселения «село Агвали».

5.Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

**Глава муниципального района Ш. А. Омаров**

# Дир хирияб тIалъи, Хуштада росу

Сверухъ накIкIил гьутIби, рохьил рацIцIалъи,
БацIцIадаб цIорораб иццул кIулкIули,
Гьаб хIикматаб тIалъи, хIанчIазул макънал,
СихI кьотIи гIенеккун гIодов чIун вуго…

Пулеб гьури, цIорой, гIаздал хIулаби,
ХIикматаб художник-хасалил сордо!
Гьал цIорол кIалгIаби, азбарал, хьулби,
Балагье, гIенекке-симфониялъухъ…

ГIагараб тIабигIат чIваге, гьарула,
РухIги жанги буго кIалъачIониги…
ГIазул мугIрул тIогьал, тIогьол байдаби,
ТIад сверулел цIумал, ЦIумада район!

Дир хирияб тIалъи, бокьулеб ВатIан,
ТIабигIат берцинаб Хуштада росу,
Дица наслабазе васият гьабун
Бокьулеб тIабигIат тола ирсалъе.

Гьаниб бутIа буго тIаде гIолезул
ТIабигIат- рукъ буго рухIчIаголъидул,
Мун дир рекIел унти, ургъелгун рохел,
Дир рухIияб дунял данде кIалъалеб.

**ГIабдула Зубаиров**

**Подписка -2025**

**ХIурматиял районцоял!**

Унеб буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе 2025 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие подписка. Жигар бахъе нилъерго районалъул газета хъвазе ва гьелдаса пайда босизе.

АбизегIанасеб хирияби гуреб, щибаб рузман кьоялъ нужехъеги щолеб газета буго «ЦIумадисезул гьаракь»

Ургъун рихье!

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул багьа:**
-бащдаб лъагIалие -390,48 гьур.,
- индекс: -51377.

# Ралъдал гарцI



**Баху МухIидинова**

**Бохдулъ хурхарал гарцIалги, къватIие кIанцIичIого чIоларей дунги…**

Крабилан цIарги бугеб цо гIажаибго гIадамазда ралъдалъ. Гьеб буго ралъдал гарцIазул цо тайпа.

Щибха гьезул гIадамазда рельълъараб жогIаги бугебилан лъугьинаха гьанжеги нуж дие мекъдаризе. ГIенеккеха.

Цо гьеб ралъдал гарцI ведрояльде жанибе рехани, щибго къо бихьичIого къватIибе бачIунилан бицана лъалел чагIаз. Амма, кIиго-лъабго, ункъго-щуго, анлъго-анкьго… гарцI ведроялъубе рехани, гьезул цонигиязул гьенисa къватIибе борчIилин хьул лъезе жоцин букIунеб гьечIо. Щай? Щайгурогоха, цонигияб къватIибе инейилан гьенкьезе лъугьани, цойгидал киналго бохдулъги хурхун, къватIибе борчIизе баччаларого гьеб.

ГIадамалги руго гьелго чагIи. Хасго гьудулзаби. Квешезе гьабулеб жоги гуро гьез гьеб. ГIакълу гIоларого.

ГъветI чIелилан лъугьуна цояв. ТIокIаб гьабизе жогойищила гьечIеб, рекIинеб лъалареб рекIинареб лъалареб гьветI чIолев вукIинчIого, парахат щай вукIунаревилан лъугьуна цойгидав. Гьел гьутIбузха кинабго хвезабун бугеб, пихьил ругони цо иш буго, ккола-кколарельубе рагIадги рехун, гьездаса рихараб жо гьечIин лъугьуна кIиабилев. Гьезул рагIдукь кIусарав чиги вихьичIила жеги, гьабизе жо тIагIунищила гIадамал ругел, гьотIокь кIусун рукIинейилан вагъарула лъабабилев…

Рукъ балилан лъугьуна цояв. ГIарац гIемерлъараб мехалъ элъ гIемераб къваригIел гьечIеб жоха мальълебилан, цIодорал жал рицине лъугьуна цойгидав. Мун аб эбел-инсул минаялда рекъоларого ватиларищха, дур даражаялде данде кколеб батиларо аб... Дицани умумузул батараб данде-гьанде бачана, гьабизе жо тIагIунищ дун вугев цойги мина базе. Гьеб буго щцульарал чагIазул гIомо борлълъийилан вагъарула кIиабилев…

УнкъабилевгIаги вас гьавилародайин ругоха дунги лъадигийилан, гьудулзабигун ракI рагьун хабар бицунев вукIуна цояв.

-Лъабго ясалда тIадеги васгIаги нужее щай, гьаб захIматаб дунялалда, ясаз гьабулареб щиб гьабизейилан гьевгIаги нужее, харадунир рахьун, эс батIаго нужер хабалъа борхьалищ рищизе ругел? БокьизегIаги ккани мими-чIчIичIчIиялда гьанжеги рукIинейилан лъугьуна киналго цадахъ...

Тухум-кьибилалда гIезегIан тарихалда лъалкI тарал гIадамалги ругелъул, цо тIехьгIагидай хъвалебилан вугоха кIвараб лъараб жо данде гьабулевилан бицуна цояс.

-Вабаааабай, гIажаибав чи вуго, вац, мун. Гьабгощинаб тIехьги рокъоб тун, цойги тIехь хъвазейилан лъугьуневищ бетIер бугев чи?...

Рада-радал ралъдахъ ччун вахъизе, гьава цIазе, салуль хIатIал лъезе, дове-аниве вильлъахъинейилан вугоха, сахлъи цIуниялде кIвар кьуни лъикI букIинарищха, нилъги къого-къоло щубилъ ругел гIолохъабиги гурелъулила, рильлъа цадахъилан вагъарула цояв.

-Рильлъинароха, вац, цо гали бахъунги, лазаталда кьижун рукIине бегьулеб рогьалил гIужалъ, гьеб гIакъуба черхалъе кьечIого нилъ толарев чи щив? БукIа абеха чехьги цодагьаб далун, накалда тенкон квал-квал гьечIелдаса нахъе, лъикIаб гIумруялда ругел чагIазул букIунеб жо буго аб берцинаб кьаралъиги… Нагагь ракъараб заман бачIани, кьарияв хIалакълъилалде хIалакьав холилан умумузулъанго батараб абиги буго.

-Гьадинавги вокьула дун чIужуялъеги лъималазеги. Мунги гьединавго берцинавги вуго лъикIавги вуго, щвараб жоги кIалдибе ккезабун, парахат кьижун вукIа, хадур хварал хадур рукъилин…

Гьадинал мисалал рачине бегьула 33 том тIехьалъул цIезегIан. Гьединги лъугIуларо.

Щайха, гьал унго-унгоял гьудулзаби ратани, гьав гьудул ругьунаб хIалхьиялъул хIориниса ворчIизе виччаларилан лъугьунел? Щайгурогоха…

Дуца щиб букIаниги гьабуни, дихьаги бажаризехьин букIун бугоха, дун кIвахIаллъана, хIалихьалъана, дир таваккал гIечIилан санагIалъи гьечIел суалаз ва жавабаз кIекIизехьин вуго ав гьудул. ГьединлъидаI, гьесие бигьалъи буго, дуцаги щибго гьабичIого букIине, дур бохдулъ хурхун вугони. Бищунго загIипаб, унтараб бакIалдеги цун, нилъ чIезаризеги лъалелъул гьудулзабазда.

Киналго гIумруялъул гIоралъ унел, ругьунаб хIалалда, хIалхьиялда ругони, киналгоги гьадин руго, дун батIаго батIиявищха вугевилан, парахат вукIине рес буго чиясул. Гьеб гIиллаялда бан, бохдулъги хурхун, вагъа-вашараравги гIодове виччазавун, гIумрудул ахиралде добго хIалхьиялда лъедезе хIаракат бахъула … Гьавуна, гIуна, хванайилан гурони, лъидаго щибго жоги рагIичIого, ракIалдещвеялъе лъикIав чи вукIана мунагьал чурадилан абизе жогIаги анибги течIого.

Щивасухъ бугоха жиндирго кьисмат. Бохдулъ хурхарал гарцIалги малги бан рортизарун яги хьатги бан къватIире тункун, ведроялдаса къватIивейищ кIанцIилев, яги, гьадинги квеш гьечIилан, жанивгойищ чIелев?

Диени гьел гарцIазул гIамалал гьудулзабазулъ тIатарабго бигьалъи лъугьана. Дие квешлъи бокьун гурел, жидерго хIалхьи цIунулел чагIи рукIин бичIчIун…

Щибха гьабилеб? Гьабизе ракIалде ккараб гьабун бахьинегIан бицинчIого тезе ккелаха, яги гIинтIамичIого рукIине ккела. Ва кIванагIан хIаракат бахъизе ккела нилъерго гьудулзаби-гарцIал гьеб ведроялъуса къватIире тункизе. Щиб гьабулеб бугониги гьудулзабазул кумекги къваригIунелъул.

Дол нилъ нахъе цIалел гарцIалги нилъее квешлъийилан гурелъул ругел. ГIакълу гIоларого руго… ГIакълу.

## Кавказалъул хIаязул фестиваль

Гьал къояз МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда тIобитIана Кавказалъул хIаязул республикаялъулаб фестиваль.

Боксалъул рахъалъ олимпиялъул чемпион ХIайдарбег ХIайдарбеговасул Кубокалъе ва РСФСРалъул мустахIикъав тренер МухIамад Мусаевич МухIамадов ракIалде щвезаялъе тIобитIараб фестивалалда гIахьаллъана республикаялъул анцIила цо регионалдаса 2007 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал гIолилал.

Гьениб призалъулаб бакIалъе гIоло хIалуцадго къеркьараб нилъер районалъул командаялъе щвана 4 бакI.

Фестивалалъул гIуцIиялъулаб комитеталъ лъикIаб кьимат кьуна нилъер командаялъе, ва кIодо гьабуна Баркалаялъул кагътидалъун.

Гьениб нилъер командаялъул цебе бахъиналъ бихьизабуна районалъул школазда кIвар буссинабизе ккей спорталъул миллияв тайпабазде, гIун бачIунеб гIел лъадариялде ва гьезул физическияб хIадурлъи цебетIезабиялде.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## ВагIзаялъул бакIалда

## ТалихIай гIадан йикIун йиго

Къасиги къадги хIалтIулелги рукIуна росги дунги хурирги харинирги, цоги - цоги нижехъа гьабун бажарулебщиналъурги, - ян абунила цIакъ пашманго чIужугIаданалъ, гIумру бихьарав, гIакъилавин гIадамаз рикIкIунев, ригь арав чиясда. - Амма чIехь гIорцIизегIан хинкI - чедги черх бацараб лъикIаб ретIелги нижееги лъималазеги киданиги щвечIо. ТIадежоялъеги, басралъун буго нижер мина - рукъги. ГьечIищ, дур гьеб захIматаб хIал нижее хисизабиялъе батулеб малъи яги гIакълу?

ЩибгIаги гьелдаги абичIого, херас чIужугIадан ячанила берцинго къачIараб кIудияб минаялда аскIое. Гьенир азбаралда расандулел рукIунила лъикIго ретIа - къарал гIисинал лъималги. Минаялдаги лъималаздаги хIайранлъун, ялагьун хутIанила гьей гIадан. Гьелъул пикрабиги ричIчIун, херас гьей ячанила азбаралде жание.

Ругилаха ахикь гIодорги чIун квана - гьекъолел ахIи -хIуралда чанго бихьинчиги, чанго чIужугIаданги. Гьезие квен баччулей йигила цIакъго пашманай цоги чIужугIаданги. Щибаб нухалда столалде жо босун ячIиндал, гьей хIакъир гьаюн рагIаби рехулел ругила цо бихьинчияс. БичIчIанила гьей гIаданалда, гьев пашманай чIужугIаданалъул рос вукIинги, цогидабщинаби.

Ячанила дов херас гьей дагьабги бечедаб ва берцинаб минаялде аскIоеги. КIутIанила гьес кавуялда. Гьеб рагьанила беразулъ кIудияб пашманлъи бессарав гIолохъанчияс ва хIурматалда къабулги гьарунила гьал. Гьел жанире рильанила. Гьенив бусада лъун гьитIинав васги вугила гьесде тIаде къулун къваридго гIолохъанай чIужугIаданги йигила.

Гьей гIаданалъ гьезие квен - тIехги бачIанила. Гара - чIварулаго гьелъул росас бицанила чанго соналъ цеве гьотIодаса гьоркьеги вортун мугъзал гьоди бекун, кинабгIаги дару -сабабалъул кумекги ккечIого вугин жидер гьев цохIо вугев василан.

Гьоболлъиялъухъ гьел лъикIал гIадамазе баркалаги кьун, гьезул васасе сахлъиги гьарун, гьел кIиялго къватIире рахъанила.

Гьаб нухалда херас гьей гIадан унго-унгояй кIалгIабахъе ячанила. Гьезие каву рагьанила беразулъ гIажаибаб чIалгIенги чIамучIлъиги бессарай, гьейгогIадинаб ригьалъул гIаданалъ.

-Дир эмен вукIана цIакъ бечедав чи. Гьесул дун гурони лъимерги букIинчIо,-илан бицанила гьалбадерие гьелъ. - Гьаб минаги, цадахъго гIезегIанабго боцIи - рикъзиги инсудаса ирсалъе щвана дие. Амма гьаб киналъулго пайда щиб, я аскIов рос гуро, я ракIгъеялъе лъимер гуро, я кIалъазе чи щоларо. Къисмат мугъ рехун чIана дидехун. Кида лъие ккелебали лъалареб гьаб кинабго байтулманги хьихьун хутIун йиго дун, Аллагьас кьурал къоял лъугIизегIан.

БачIинин дуеги талихIалъул бакъ баккулеб къоян гьей гIаданалъе ракI - макIги гьабун къватIире рахъанила гьел.

КьотIноре щведал суал кьолеб магIнаялда балагьанила херав чIужугIаданалъухъ.

-БичIчIана лъикIав чи, бичIчIана, - ян абунила гьелъ. -Дуе цIакъ кIудияб баркала буго гIумруялъул хIакъикъат бихьизе дир берал рагьаралъухъ. Дир вуго ургъел бикьизеги, рокьи гьаб чучизеги, мугъчIвазеги лъикIав росги, сах-саламатал лъималги, басрияб букIаниги мина-миркги. ТалихIай гIадан йикIун йиго дун. Рецц Аллагьасе. Гьев тIаса лъугьинев ватила дунялги гIадамалги рихьичIого, ричIчIичIого дир рекIелъе лъугьун букIараб сабрукълъиялдаса

**Пикраби:**
**Малъулел гIемерлъун, кантIулел дагьлъун,**
**Киналго гIакъиллъун, буго гIадлу хун…**

* * *

## Цоязул сабруялъ цогиязул ццин бигьинабула

ГодекIанир гIодорги чIун ичIго - анцIго бихьинчи жидерго лъудби какулел рукIанила. Гьезда гьоркьоса цояв, бицунелъухъги гIенекун, вуцIцIухIун чIчIун вукIанила. Дуца щайин дурго лъадул бицунаребин абунила гьесда цояс. Гьесул лъикIай чIужу ятила, гуребани гьесги гьуршилаан лъадул гIунгутIабийилан цогиясги абунила.

-БатIалъи щиб, дирайги нужерайго гIадинай йиго,- илан абунила гьадав чияс.

-Ятани щай дуца гьелъул гIунгутIабазул бицунареб, нижехъ гIенекун вукIинчIого,-илан тIаделъанила гьесда годекIанир рукIаралщинал.

- Щиб дица бицинеб? - ян абунила гьес. - Аллагьас инсанасул гIакълуялдаги сабруялдаги цадахъ лъун буго щинги. Буго гьеб кинабго нилъелъги нилъер лъудбузулъги. Сунца вукIаниги щидахинаврав чи гIакълуялъ рехун тола. ГIакълуялъ рехун тарав чи гIабдал вуго. Гьев гIабдал гIодове виччазавизе, гIакълуялде вачIинавизе аскIов вукIине ккола гIакълулав чи. Дицаги лъадуцаги данделъараб тIоцебесеб къоялъго гьабураб кьотIи буго, дун щидахани, цадахъ щидахинчIого гьелъ сабру гьабизе. Гьединго гьей щидахани дицагиха. Гьеб кьотIиялда руго ниж. Гьединлъидал, нижер дагIба - рагIиго букIунаро, берцинго, цоцазул адаб - хIурматги гьабун гIумру унеб буго.

**Кици - бицен:**
**Лъади ячине анцIцIул ургъе, йиччазе нусцIул ургъе.**

Газеталде ритIун рачIана ГIали МухIамадовас

**Бдительность - залог безопасности**

## Летние каникулы и пожарная безопасность

Летние каникулы - любимая пора для детей. Приятно нежиться под солнцем, на которое так щедро лето, но нельзя забывать о том, что опасность возникновения пожаров в летнее время чрезвычайно высока. Достаточно искры, чтобы загорелась высушенная жаркими лучами солнца трава, строение, сушняк в лесу.

Начало лета совпадает с обильным цветением тополя. Улицы, дворы и скверы покрываются тополиным пухом, он проникает в слуховые окна чердаков, забивается в подвалы, сараи, через открытые окна проникает в квартиры.

Для многих тополиный пух предмет забавы - стоит поднести спичку и он вспыхивает, как порох, огонь бежит по нему, как по бикфордову шнуру. Интересно… и опасно. Очень много случаев, когда, вспыхнув от детской шалости, огонь пробегал по пуху десятки метров и, найдя объект, разгорался пожаром, унося с собой материальные ценности, а порой и человеческие жизни.

Причинами пожаров с гибелью детей часто становятся детская шалость с огнем. Условиями, способствующими этому, явились оставление детей без присмотра и ненадлежащий присмотр за ними. Также гибели детей способствует состояние сна или алкогольное опьянение находящихся рядом взрослых.

Во время школьных каникул многие дети остаются дома одни и здесь источники риска практически на каждом шагу. Родители должны не только рассказывать, но и своим примером показывать правильное поведение:

- не оставляйте на виду спички, зажигалки;
- следите, как дети проводят свободное время, чем интересуются, отвлекайте их от пустого времяпрепровождения;
- не доверяйте маленьким детям присматривать за топящимися печами и нагревательными приборами, пользоваться газовыми приборами;
- не оставляйте детей одних в закрытых комнатах;
- контролируйте состояние электропроводки и электророзеток;
- не оставляйте включенными в сеть электробытовые приборы;
- не включайте в одну розетку несколько мощных электропотребителей;
- соблюдайте правила эксплуатации газовых плит, колонок, отопительных печей;
- соблюдайте чистоту и порядок в доме;
- приобретите в целях безопасности вашей семьи огнетушитель;
- будьте всегда осторожны с огнем, избегайте случаев его открытого применения.

Необходимо проводить постоянную, целенаправленную работу по привитию навыков осторожного обращения с огнем, давать знания о свойствах огня и дыма, учить правильному поведению в экстремальной ситуации пожара. Пусть они узнают об угрозе огня из Ваших рассказов, предостережений и картинок, нежели из реальной жизни!!!

Подготовьте детей к правильным действиям в случае возникновения пожара, пусть дети запомнят свой адрес и телефон пожарной охраны, чтобы при необходимости вызвать помощь. Также рекомендуем установить автономный пожарный извещатель, предназначенный для того, чтобы разбудить спящего человека, чтобы он успел проснуться и покинуть опасную зону пожара.

Уважаемые родители, вы в ответе за жизнь и безопасность ваших детей!

**М. Багаудинов,** начальник ОНД и ПР 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам

**Газпром**

## Нововведения федеральной программы социальной газификации

«Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает о мерах социальной поддержки при догазификации

Программа социальной газификации расширяет возможности граждан для подключения к газовым сетям. В 2025 году Правительство РФ увеличило общий объем финансирования и включило в список новые категории получателей.

**Информируем о нововведениях в федеральной программе социальной газификации в 2025 году.**

**Кто имеет право на участие в программе социальной газификации?**

На сегодняшний день в программе могут принимать участие разные категории граждан, получая соответствующие субсидии:

- многодетные семьи (с тремя и более детьми);
-инвалиды I группы и их опекуны;
-семьи с детьми-инвалидами;
-ветераны ВОВ и участники СВО;
-жители сельской местности в возрасте 65 и более лет;
-малоимущие (с доходом менее 1,5 величины прожиточного минимума на человека).

В 2025 году перечень категорий пополнился пенсионерами, в чьих домах отсутствует центральное отопление, а также семьями с детьми-инвалидами независимо от группы их инвалидности.

Субсидии разрешается использовать не только на покупку и установку газового оборудования, но и на строительство газовой сети до жилого помещения. За счет этого общая стоимость газификации значительно снижается.

**Какие расходы при газификации компенсируются?**

Денежная компенсация от государства включает возмещение расходов на:

-покупку газовых приборов;
-установку внутридомовых систем;
-подсоединение к магистральным сетям;
-строительство газопроводов.

**Как получить субсидию на газификацию?**

Заявка на субсидию в рамках программы социальной газификации подается через УСЗН.

Также для удобства граждан организован прием документов для получения мерысоциальной поддержки во всех городских и районных отделах «МФЦ».

К заявке обязательно нужно приложить документы: удостоверение личности, справку о составе семьи, подтверждение права собственности на жилье и принадлежности к льготной категории.

Таким образом, социальная газификация доступна всем категориям льготников, их круг уже расширен, а Правительство не планирует останавливаться на достигнутом.

**«Газпром межрегионгаз Махачкала»**

**Спорт**

## ЦIумадисел ГIали ГIалиевасул турниралда

17-19 маялда Каспийскиялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахьалъ дуниялалъул щуцIул чемпион ГIали ГIалиев ракIалде щвезавиялъе эркенаб гугариялъул рахьалъ халкъазда гьоркьосеб юбилеялъулаб кIикьоялда анцIила щуабилеб турнир.

Кидаго гIадин, гьенир лъикI цере рахьана нилъер районалъул гугарухъаби.

Месседил медалазул бетIергьабилъун рахьана РичIагьанихъа Камил ГIабдулвагьабов (79кг.), Инхокъвариса Аманула ХIажимухIамадов (92кг.) ва КIванадаса Шамил Мусаев (I25кг.).

86 кг. цIайиялда гIарцул медаль щвана Инхокъвариса Аманула Расуловасе. Мазгарул медалазе мустахIикъльана ХIабиб Заурбеков (70 кг. Эчеда), МустафахIажи Малачдибиров (92кг. Гьигьалъ) ва Загьид Каримов (92кг. Гьадири).

Турнир ккана нилъер гугарухъабазе Россиялъул чемпионаталде хIадурлъиялъе лъикIаб стартлъун.

**Шамил Бадрудинов**

## ГIисинал гIолилазда гьоркьор къецал тIоритIана

17 маялда Агъвали гимназиялъул залалда тIоритIана олимпиялъул чемпионат МухIамад Рамазановасул хIурмат гьабун эркенаб гугариялъул рахьалъ 2020 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал лъималазда гьоркьор къецал. Гьенир гIахьаллъана Агъвали, Хуштада, Къеди, Гьаквари, Гьигьалъ, Инхокъвари ва Хонохъ росабалъа 75 лъимер.

Къецазул ккана хадур рехсарал хIасилал:

**38кг.** 1. МухIамад МухIамадов (Агъвали), 2. Халил Абакаров (Хуштада), 3. ГIабдула МахIачев (Инхокъвари) ва ИсмагIил ХIасанов (Гьаквари).

**43кг.** 1. МухIамад Гереев (Агъвали), 2. Рамазан Нажмудинов (Агъвали), 3. МухIамад АхIмадов (Агъвали) ва Адам Зиявдинов (Къеди).

**45кг.** 1. Халид ГIубайдулаев (Агъвали), 2. ХIажимурад Гереев (Агъвали), 3. МухIамад МухIамадов (Агъвали) ва МухIамад Гьазиев (Хуштада).

**48 кг.** 1. Абубакар ГIумаров (Агъвали), 2. Ибрагьим Нажмудинов (Агъвали), 3. ГIабдурауф КъурамухIамадов (Гьигьалъ).

**52кг.** 1. Расул МухIамадов (Агъвали), 2. МухIамад ХIасанов (Агъвали), 3. МухIамад ГIусманов (Гьаквари) ва МухIамад МухIамадов (Агъвали).

**57кг.** 1. МухIамадрасул Идрисов (Агъвали), 2. ГIали Рамазанов (Агъвали), 3. ХIажимурад МухIамадов (Агъвали) ва МухIамад ГIабдулаев (Агъвали).

**62кг.** 1. Анвар Расулов (Агъвали), 2. МухIамадкамил Абакаров (Гьаквари), 3. Шагьрурамазан Къурбанов (Агъвали).

**68кг.** 1. МухIамад Рамазанов (Агъвали), 2. ХIажимухIамад МуртазагIалиев (Агъвали), 3. МухIамад Дибиров (Гьаквари) ва ХIажимурад Гьазиев (Агъвали).

**74кг.** 1. Сайфула МухIамадхIажиев (Гьигьалъ).

**74кг.** тIадехун цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Агъвалиса МухIамадов Якъубица, кIиабилеб бакI-Агъвалиса Гираев ГIабдулаца, лъабабилеб бакIалде ккана ХIасан ИсмагIилов (Агъвали) ва АхIмад ГьазимухIамадов (Агъвали).

Бергьаразе ва призеразе Инхокъвари росдал школалъул директор МухIамад Гереевасул рахьалдаса къуна грамотабигун медалал ва рачелал. Гьединго Хъварщи мухъалъул бергьаразе ва призеразе тIадеги гIарцулал сайгъатал гьаруна Инхокъвари росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевас ва СВОялъул гIахьалчи Хонохъа Герейхан ГIубайдулаевас.

**Шамил Сажидов**

**Утерянный аттестат об основном общем образовании №00518001020394, выданный Агвалинской гимназией Цумадинского района в июне 2016 года на имя Абдулаева Магомеда Шамиловича, считать недействительным.**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН I020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1304
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru